



Tab nan kontni

Pag 1:

- Kijan pou-m aplike pou gad youn timoun?
 - Ki moun ki genyen gad youn timoun?
 - Eske mwen dwe mande biwo jstila pou gad youn timoun?
-

Pag 2:

- Gad pitit mwen-mwen se youn paran-kijan youn jij ap deside an?
 - Mwen pa youn paran-kijan younjij ap diside gad pitit mwen an?
 - Kijan pou-m genyen dwa vizit?
-

Pag 3:

- Kijan lod pwoteksyon afekte dwa vizit?
- Paran ki pa gen gad timoun nan pa peye sipo pou timoun nan, eske mwen ka sispann koze vizit sa-a?
- Eske mwen ka chwazi ki moun mwen vle pou pran swen pitit mwen si youn bagay rive-m?
- Eske mwen gen pou-m paret devan youn jij?



Kijan pou-m aplike pou gad youn timoun?

Nan anpil sitiyasyon, yo pran desizyon gadak vizit nan tèritwa kote timoun nan ap vivla. Nan vil Nouyòk, ou dwe mande pou gadyoun timoun nan zòn kote timoun nan ap vivla. Yo kapab pran desizyon gad ak vizit nanbiwo jistis lafanmy ak Lakou Siprèm. Anjeneral yap sèlman tande ka osijè gad akvizit nan Lakou Siprèm si paran yo nanmitan youn divós. Pou tout lòt ka yo, senan biwo jistis lafanmy yo dwe kòmanse yo.

Ki moun ki genyen gad youn timoun?

Genyen de kalite gad: fizik ak legal. Gad fizik la se lè youn granmoun genyen responsabilite youn timoun epi li gen pou pran swen timoun sa-a chak jou. Moun ki gen gad fizik la kapab oubyen genyen gad legal la oubyen pa genyen-l. Gad legal la, se lè youn jij pran desizyon-an oubyen nan biwo jistis lafanmy oubyen nan Lakou Siprèm. Moun ki genyen gad legal la kapab pran desizyon enpòtan osijè lavi timoun nan, tankou chwa medikal oubyen lafwa relijye. Sa rive souvan kote menm moun kigenyen gad fizik la genyen gadlegal la tou, men pa tout tan. Pa egzanp youn manman kapab voye pitit li al viv ak gran paran li. Gran paran sa-a genyen gad fizik la, mense manman timoun nan ki genyen gad legala. Sèlman si youn biwo jistis ta deside sa **youn lòt jan, paran ki fè timoun yo kapab pataje dwa legal pitit yo.** Paran yo kapab dakò pou yo reyini ansanm dwa fizik ak dwalegal pitit yo.

Eske mwen dwe mande biwo jistila pou gad youn timoun?

Si-w pap viv ak pitit ou yo epi ou vle pou yo vin-n viv ansanm avèk ou, ou kapabmande biwo jistis la otorizasyon pou sa. Ou kapab mande otorizasyon pou genyen gad pitit ou yo si-w kwè yo te fè yo youn bagay ki mal kote yap viv kounye-a osinon si-w kwè yo kapab fè yo youn bagay ki mal. Si-w pa marye ak lòt paran-an, epi ou vle pou biwo jistis la defini dwa espesifik ou, ou kapab mande otorizasyon pou genyen gad timoun. Souvan, youn jij ap deside pou bay otorizasyon gad youn timoun epi lap tou fikse youn lè vizit nan menm moman-an. Nenpòt moun ki jwe youn wòl enpòtan nan lavi youn timoun kapab mande otorizasyon pou li se gad timoun sa-a. Ou pa bezwen paran timoun nanpou mande biwo jistis la pou se ou menm ki gad li. Jij la ap analize diferan sitiyasyon yo, men tout bagay depann si-w ou se paran ou non.

Nòt





Gad pitit mwen-mwen se youn paran-kijan youn jij ap decide an?

Lè genyen 2 paran byolojik (ki vle di papa ak manman ki fè timoun yo menm), jij la dwe detèmine kisa kap nan pi bon enterè timounnan. Gen plizyè faktè ki ede detèmine sa. Manman-an pa otomatikman genyen gad timoun yo, menm si yo piti. Desizyon sa-a papchita sou kilès ki pirenmen timoun nan osinon kilès ki gen plis lajan. Men pito jij la ap gade kilès nan paran yo ki kapab eleve timoun yo pi byen e ki kay pi stab pou timoun nan rete. Si timoun nan gran ase pou-l chwazi youn-n nan paran yo, chwa sa-a ap peze anpil nan desizyon jij la. Si youn timoun mande pou li bay youn opinion, biwo jistis la ap vle pou opinion sa-a se reyèlman sa timoun nan vle, e non pa sa youn-n nan paran yo ta ba-l presyon pou-l di. Si youn seyans pou mande gad youn timoun ap dewoule nan youn biwo jistis, li pi bon pou timoun nan pa mele nan chire pit ant de paran yo, li pi enpòtan ankò pou yo pa mete pawòl nan bouch timoun yo pou yo bay sèten repons. Youn fwa biwo jistis la bay lòd pou gad youn timoun, yo toujou kapab pran youn nouvo lòd si sikonstans yo chanje.

Mwen pa youn paran-kijan younjij ap decide gad pitit mwen an?

Lè youn jij ap decide kilès ki pral genyen gad youn timoun ant youn paran ak youn moun ki paparan, koze-a diferan. Jij la pral decide premyèman èske genyen youn sikonstans ekstraodinè nan ka-a. Sa kapab vle di yo jwenn tras abi, neglijan, vyolans domestik oubyen itilizasyon dwòg nan kay paran-an, oubyen ke moun ki pa paran-an tap okipe timoun nan pou youn bon bout tan. Pou jij la kapab jwenn enfòmasyon sa-a li kapab mande youn travayè sosyal ki sòti nan departman Pwobasyon osinon Administrasyon Sèvis Timoun (ACS) pou boukante pawòl ak chak moun ki andan sityasyon-an, gade andan kay yo epi prepare rapò pou biwo jistis la. Si pa genyen sikonstans ekstraodinè, paran ki fè timoun yo menm nan ap genyen gad yo. Si jij la jwenn sikonstans ekstraodinè, lè sa-a lap decide ki kote pi bon enterè ye pou lavi timoun yo.

Kijan pou-m genyen dwa vizit?

Pou biwo jistis la kapab detèmine lè vizit yo, ou bezwen fè youn petisyon pou mande dwa vizit. Biwo jistis la ap toujou akòde dwa vizit sof si ta gen prèv ki montre ke vizit sa yo ap mete timoun nan an danje. Youn timoun kapab an danje si paran-l te fè vyolans domestik sou li, si yo se adik dwòg oubyen si yo te abize timoun nan seksyèlman. Jij la ap vle prèv danje-a, e lap mande ACS youn ankèt si li panse youn timoun kapab an danje. Pou kapab gen dwa vizit, si-w pa paran, ou dwe youn paran pwòch timoun nan. Youn paran genyen dwa vizit lè pitit li nan “foster care”, poutan yo kapab sipèvizite vizit yo.



Kijan lod pwoteksyon afekte dwa vizit?

Si biwo jistis la kwè te genyen vyolans domestik epi genyen risk fizik ak emosyonèl pou youn timoun, biwo jistis la ka mande pou vizit yo fèt sou sipèvizyon. Youn ajans osinon youn moun ke toulède paran yo dakò ak li kapab sipèvize vizit yo. Biwo jistis la kapab mande tou pou yo vi-n chèche epi depoze timoun yo nan youn estasyon polis oubyen nenpòt lòt kote ki pa lakay youn moun an patikilye e ki se youn kote ki an sekirite konsa pap gen kontak ant paran yo.

Paran ki pa gen gad timoun nan pa peye sipo pou timoun nan, eske mwen ka sispann koze vizit sa-a?

Sipò pou timoun ak vizit se de koze diferan. Biwo jistis pap anpeche youn paran al vizite pitit li paske li pa peye sipò pou timoun nan. Si paran ki gen gad timoun nan anpeche lòt paran-an vin-n ran-n vizit paske li pa peye sipò pou timoun nan-oubyen pou nenpòt lòt rezon-biwo jistis la kapab penalize li pou sa. Biwo jistis la kwè li pi bon pou timoun nan pou li gen relasyon ak toulède paran li yo, youn jij pi vle bay otorizasyon vizit san li pa okipe koze si sipò pou timoun nan te peye, oubyen lòt paran-an dwe li.



Eske mwen ka chwazi ki moun mwen vle pou pran swen pitit mwen si youn bagay rive-m?

Kèk fwa, si paran yo malad, yo vle asire yo ke genyen youn lòt moun ap okipe pitit yo si yo ta vin-n pa kapab fè sa ankò. Koze sa-a espesyalman vre pou paran ki gen Sida ak lòt maladi ki nan faz tèminal yo. Nan Nouyòk, paran ki nan sityasyon sa-a kapab mande fanmy-an oubyen biwo jistis la pou yo chwazi youn zanmi osinon youn pwòch paran kòm youn gadyen an atant (youn moun kap gen pou okipe timoun yo si paran-an tonbe malad pou fè sa) san li pa renonse dwa li genyen pou li se gad pitit li. Pou chwazi youn gadyen an atant, paran yo dwe pale ak youn avoka. Avoka ki abitye ak pwoblèm HIV kapab itil nan pwosesis sa-a.

Eske mwen gen pou-m paret devan youn jij?

Anpil fwa paran yo konn tonbe dakò osijè sa ki dwe fèt avèk pitit yo, tankou kilès ki dwe genyen gad timoun yo, e ki kantite vizit yo dwe resevwa. Biwo jistis yo okipe anpil, ou kapab vle eseye travay sou sityasyon-w lan andeyò biwo jistis la nan sesyon konseling ak medyasyon. Sa pi vit e li souvan pi agreyab pou chak moun andan sityasyon-an. Sepandan, li pa youn bon lide si te genyen vyolans domestik oubyen si youn-n nan moun yo gen plis pouvwa pase lòt.

Si-w bezwen plis èd, oubyen si-w genyen nenpòt kesyon osijè gid sa-a tanpri rele nan liy telefòn sa-a (212) 343-1122 oubyen vizite sit entènèt familylegalcare.org.

Bezwen plis èd?

swen Legal pou fanmi ofri enfòmasyon legal gratis ak konsèy sou lwa fanmi New York ak pwosedi tribinal la.

Rele liy èd nou an: 212-343-1122 oubyen 800-696-8629

Vizite: familylegalcare.org

